# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРИНИҢ БУЙРЫҒЫ

**Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң 2021-жыл 4-июньдағы 361-санлы Президиум қарары ҳаққында**

Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2021-жыл 26-февральдағы «Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги жанындағы Республикалық билимлендириў орайының жумысын жәнеде жетилистириў ис-илажлары ҳаққында»ғы 108-санлы қарарының орынланыўын тәмийинлеў, улыўма орта билимлендириў тараўында пәнлерди оқытыў методикалары, үзликсиз методикалық хызмет көрсетиў тәртиби ҳәм оқытыўшылардың кәсиплик шеберлигин арттырыў, билимлендириў процессине заманагөй билимлендириў технологияларын енгизиў ҳәм де Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң 2021-жыл 4-июньдағы 361-санлы Президиум қарарында белгиленген ўазыйпаларды әмелге асырыў мақсетинде **буйыраман:**

1. Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң 2021-жыл 4-июньдағы “Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң жумысын жәнеде жетилистириў илажлары ҳаққында”ғы 361-санлы Президиум қарары орынлаў ушын басшылыққа алынсын.

2. Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги жанындағы Республикалық билимлендириў Орайының тийкарғы ўазыйпаларынан келип шығып, Режеси қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

3. Жоқарыдағы Президиум қарары менен:

Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги жанындағы Республикалық оқыў методикалық орай Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги жанындағы Республикалық билимлендириў орайына айландырылғаны ҳәм структурасының тастыйықланғаны;

Республикалық билимлендириў орайының тийкарғы ўазыйпалары етип төмендегилер белгиленгенлиги:

Қарақалпақ тили ҳәм әдебияты, Қарақалпақ тили (мәмлекетлик тил), Қарақалпақстан тарийхы, Қарақалпақстан географиясы пәнлеринен **мәмлекетлик билимлендириў стандартларын** ислеп шығыў;

улыўма орта билимлендириўдиң **таяныш ҳәм вариатив оқыў режелери ҳәмде оқыў бағдарламаларын** ислеп шығыў;

таярланған сабақлықлар ҳәм муғаллимлер ушын методикалық қолланбаларды экспертизадан өткериў, оларды билимлендириў тараўында қоллаў бойынша **жуўмақ бериў**;

оқыў-режеси, бағдарламалары, жаратылған сабақлық ҳәм оқытыўшылар ушын методикалық қолланбаларды **тәжирийбе-сынаўдан өткериў** жумысларына басшылық етиў;

пәнлерди оқытыў методикасы ҳәм оқыўшылар билимлерин баҳалаўдың заманагөй методларын ислеп шығыў, сондай-ақ, билимлендириў бағдарламаларының интеграцияласыўына тийкарланған оқытыўдың пәнлер аралық қатнасын енгизиў ҳәм бул бағдарда унамлы тәжирийбени улыўма орта билим бериў мәкемелеринде ен жайдырыў;

улыўма орта билимлендириў мәкемелеринде оқытылатуғын пәнлерди, әсиресе, биринши гезекте **математика, информатика, химия, биология ҳәм қарақалпақ тили** (ана тили ҳәм мәмлекетлик тил сыпатында) пәнлериниң оқыў-методикалық

жақтан тәмийинлениўин жақсылаў ҳәмде сабақлықлардың сапалы таярланыўын тәмийинлеў;

оқыў-тәрбия процессине **“STEAM”** пәнлерин (Science –тәбийий пәнлер, Technology –технологиялар, Engineering-техникалық дөретиўшилик, Art-көркем-өнер, Mathematics-математика) оқытыў бойынша алдыңғы педагогикалық технологиялар ҳәм басқа да методикаларды енгизиў;

Халық билимлендириў министрлиги тәрепинен тастыйықланатуғын баҳалаў критериялары (KPI) тийкарында район(қала)лық халық билимлендириў бөлимлери пән методистлери жумысының нәтийжелилигин анализ етиў ҳәм олардың рейтингин шығарып барыў;

сондай-ақ, Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси (К.Сариев)не Қарақалпақстан Республикасы Финанс министрлиги (М.Содиков) менен биргеликте 2021-жыл 1-июньнан баслап Орайдың директоры, директор орынбасары ҳәм методистлериниң айлық ис ҳақыларын жергиликли бюджет есабынан турақлы түрде Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги жанындағы Республикалық билимлендириў Орайы методистлериниң айлық ис ҳақысына теңлестирилип барылыўын тәмийинлеў ўазыйпаларының белгиленгенлиги мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

4. Республикалық билимлендириў Орайының басшы ҳәм тийисли методист, хызметкерлери ушын қәнигелик талаплары Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2019-жыл 7-декабрьдеги 393-санлы буйрығы менен тастыйықланған “Халық билимлендириў хызметкерлери тийкарғы лаўазымларының қәнигелик талаплары” әмел ететуғынлығы белгилеп қойылсын.

5. Республикалық билимлендириў Орайы (Қ.Жубанов)на Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 8-апрельдеги “Халық билимлендириў министриниң 2019-жыл 7-декабрьдеги 393-санлы буйрығы менен тастыйықланған “Халық билимлендириў хызметкерлери тийкарғы лаўазымларының қәнигелик талаплары”на өзгерис киритиў ҳаққында”ғы 108-санлы буйрығына қатаң әмел еткен ҳалда пән методистлерин тайынлаў;

Орайдың жаңаланған атамасы бойынша дөңгелек мөри, штамп ҳәм басқа да тийисли кеңсе ҳүжжетлерин қайта көрип шығыў ҳәм атамаға сәйкес масластырыў;

бир ҳәпте мүддет ишинде Орайдың ҳәр бир бөлимлериниң Режесин тастыйықлаў ўазыйпалары жүклетилсин.

6. Бухгалтериялық есабат ҳәм мәмлекетлик буйыртпалар бөлими (Г.Бекмуратова) не Республикалық билимлендириў орайының штат бирликлериниң көбейиўине байланыслы министрлик имаратынан қосымша ханалар ажыратыў мәселесин унамлы шешиў илажларын көриў тапсырылсын.

7. Министрликтиң Баспасөз хызмети (Т.Даулетмуратов)не Республикалық билимлендириў орайы бойынша қабыл етилген Президиум қарары ҳаққында ғалаба хабар қураллары арқалы кең жәмийетшиликке жеткериў усыныс етилсин.

8. Усы буйрықтың қабыл етилиўи мүнәсибети менен Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2019-жыл 11-сентябрьдеги 195-санлы буйрығы өз күшин жойытқан деп есаплансын.

9. Усы буйрықтың орынланыўын қадағалаў министрдиң биринши орынбасары ў.ў.а. Қ.Бекбаўлиевқа жүкленсин.

**Министр** **Р.Реимов**

Нөкис қаласы,
2021-жыл “11” Июнь,
146-санлы

Қарақалпақстан Республикасы
Халық билимлендириў
министрлигиниң 2021-жыл
11 - Июнь 146-санлы
буйрығына 1-қосымша

**Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги жанындағы**

# РЕСПУБЛИКАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ ОРАЙЫ
# Р Е Ж Е С И

## 1-бап. Улыўма қағыйдалар

1. Бул Реже Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги жанындағы Республикалық билимлендириў орайының (кейинги орынларда – Орай) статусы, тийкарғы ўазыйпалары ҳәм атқаратуғын функцияларын, ҳуқықларын, сондай-ақ, жумысларын шөлкемлестириў тәртибин белгилейди.

2. Орай өз жумысында Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги (кейинги орынларда- министрлик)не бойсынады.

3. Орай мәмлекетлик мәкеме формасындағы юридикалық шахс есапланады, Өзбекстан Республикасы мәмлекетлик герби суўрети түсирилген ҳәм өзиниң атамасы мәмлекетлик тилде жазылған мөрине, ғәрезсиз балансына, Қарақалпақстан Республикасы Финанс министрлигиниң қазнашылығында бюджет ҳәм бюджеттен тысқары жеке қазна есап бетине ийе болады.

4. Орай юридикалық шахс есапланады, өзиниң өз алдына мүлкине, ғәрезсиз баланcқа, банклерде есап-китап ҳәм валюта есапбетлерине, өзиниң атамасы жазылған дөңгелек мөрине,фирма бланкаларға ҳәм штампына ийе болады.

5. Орай өзиниң жумыс барысында Өзбекстан, Қарақалпақстан Республикасы Конституциясы ҳәм Нызамларына, Өзбекстан Республикасы Олий Мажлис палаталарының қарарларына, Өзбекстан Республикасы Президентиниң Пәрманлары, қарарлары ҳәм көрсетпелерине, Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети, Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси ҳәм Министрлер Кеңесиниң қарарлары ҳәм көрсетпелерине ҳәм де усы Режеге, басқа норматив-ҳуқықый ҳүжжетлерге, сондай-ақ, министрликтиң буйрық ҳәм көрсетпелерине әмел етеди.

6. Орай өзиниң жумыс искерлигин мәмлекетлик ҳәкимият ҳәм басқарыў органлары, жергиликли мәмлекетилк ҳәкимият органлары, мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлер ҳәм басқа да шөлкемлер менен биргеликте әмелге асырады.

7. Орайдың рәсмий атамасы:

а) мәмлекетлик тилде:

толық- Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги жанындағы Республикалық билимлендириў орайы, қысқартылған атамасы- РБО;

б) рус тилинде:

толық– Республиканский центр образования при Министерстве народного образования Республика Каракалпакстан, қысқартылған аты – РЦО;

в) инглис тилинде:

толық – Republican Center for Education under the Ministry of Public Education of the Republic of Karakalparstan, қысқартылған аты – RCE under the Mope of KR.

8. Орай (почта мәнзили) Нөкис қаласы А.Досназаров көшеси-62 жайда

жайласқан.

## 2-бап. Орайдың тийкарғы ўазыйпалары ҳәм функциялары

9. Орайдың тийкарғы ўазыйпалары ҳәм функциялары төмендегилерден ибарат:

Улыўма орта билим бериўдиң мәмлекетлик билим бериў стандартлары, таяныш ҳәм вариатив оқыў режелери ҳәм де оқыў бағдарламаларын алдыңғы миллий ҳәм сырт ел тәжирийбелерин инабатқа алған ҳалда, мазмуны ҳәм сыпаты жағынан халықаралық талапларға сай рәўиште ислеп шығыў, жетилистириў, тәжирийбе-сынаўдан өткериў ҳәм де әмелиятқа енгизиў;

Министрлик буйыртпасына тийкарланып дүзиўшилерди таңлаў ҳәм де сабақлықлар ҳәм муғаллимлер ушын методикалық қолланбалардың бирден бир макетлерин ислеп шығыў;

ислеп шығылған сабақлықлар ҳәм муғаллимлер ушын методикалык қолланбаларды экспертизадан өткериў, оларды билимлендириў системасында қолланылыўға жуўмақлар бериў;

оқыў режеси, бағдарламалары, жаратылған сабақлықлар ҳәм муғаллимлер ушын методикалық қолланбаларды тәжирийбе-сынаўдан өткериў жумысларына басшылық етиў;

пәнлердиң оқытыў методикасы ҳәм оқыўшылар билимлерин баҳалаўдың заманагөй методларын ислеп шығыў, сондай-ақ, билимлендириўдиң интеграцияласыўына тийкарланған оқытыўдың пәнлераралық қатнасын әмелиятқа енгизиў ҳәм бул тараўдағы унамлы тәжирийбени улыўма орта билим бериў мәкемелеринде ен жайдырыў;

улыўма орта билимлендириў мәкемелеринде оқытылатуғын, әсиресе, биринши гезекте математика, информатика, химия, биология ҳәм қарақалпақ тили (ана тили ҳәм мәмлекетлик тил сыпатында) пәнлери ушын оқыў-методикалық жақтан тәмийинлеўди жақсылаў ҳәм де сабақлықлардың сыпатлы таярланыўын тәмийинлеў;

оқыў-тәрбия барысына “STEAM” пәнлерин оқытыў бойынша алдыңғы педагогикалық технологиялар ҳәм басқа мақулланған методикаларды әмелиятқа енгизиў;

Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги тәрепинен тастыйықланатуғын баҳалаў критериялары (KPI) тийкарында район(қала)лық халық билимлендириў бөлимлери пән методистлери жумысының нәтийжелилигин анализ етиў ҳәм олардың рейтингин қәлиплестириў;

10. Орайдың функциялары төмендегилерден ибарат:

Министрлик буйыртпасына муўапық сабақлық ҳәм оқыў методикалық комплекслерди ислеп шығыў ушын дүзиўшилерди таңлап алыў тийкарда таңлаў ҳәмде сабақлық ҳәм муғаллимлер ушын методикалық қолланбалардың бирден-бир макетлерин жаратыў жумысларына басшылық етеди;

таярланған сабақлықлар ҳәм муғаллимлер ушын методикалык қолланбаларды экспертизадан өткериў ушын экспертларға шараятлар жаратыў;

өзиниң ўәкалатлары шеңберинде халықаралық ҳәм сырт ел шөлкемлери менен халық билимлендириў тараўында методикалық хызмет көрсетиўди раўажландырыў, келешек ҳәм әҳмийетли машқалаларды анализи бойынша министрликке усынослар киритиў;

тәлим-тәрбия процесине оқытыўдың заманагөй ҳәм инновациялық педагогикалық методларды ҳәм де санлы тәлим ресурсларын раўажландырыўды кеңнен енгизиў арқалы билим сыпатын асырыўға көмеклесиў;

улыўма орта билимлендириўдиң әҳмийетли мәселелери ҳәм олардың нәтийжелерин әмелиятқа енгизиў бойынша илимий изертлеўлер, тәжирийбе-сынаўлар алып барыў, оқыў-тәрбия барысын методикалық тәмийинлеў мәселелеринде район(қала)лық халық билимлендириў бөлимлери менен өз ара биргеликте ислесиўди жолға қойыў;

билим бериўдиң инновациялық усылларын енгизиўге бағдарланған оқыў ҳәм оқыў-методикалық әдебиятлардың жаңа әўладын жаратыў бойынша фундаментал, әмелиў ҳәм илимий изертлеўлер жойбарларын әмелге асырыў;

оқытыўдың интерактив ҳәм заманагөй усылларын, методикалық материалларын, кәсиплик компетентлигин раўажландырыў ҳәм де жетилистириў бойынша методикалық жәрдемниң нәтийжели формаларын ислеп шығыў, тәжирийбе сынаўдан өткериў, жетилистириў, сондай-ақ оқыў-тәрбия процесинде әмелге асырыў илажларын көриў;

заманагөй билим бериў орталығын жаратыў тийкарында оқыў ҳәм оқыў-методикалық әдебиятлар дизайнын ислеп шығыў ҳәм әмелиятқа енгизиў бойынша экспериментлер өткериў, министрликке жуўмақ ҳәм усыныслар киритиў;

сабақлықлар, дидактикалық ҳәм тәлим ресурсларын талқылаў, экспертизадан өткериў, базасын жаратыў, байытып барыў ҳәм оларды тәлим-тәрбия процесине енгизиўде методикалық жәрдем көрсетиў жумысларын шөлкемлестириў ҳәм муўапықластырыў;

оқыўшыларға қойылатуғын талаплар, оқыў реже, бағдарламаларын, оқыў методикалық материалларын системалы анализ етиў, Орай илимий-методикалық кеңесине усыныс киритиў;

арнаўлы тәлим бағдарлары бойынша мәмлекетлик талапларын ислеп шығыў шығыў искерлигин жетилистириў ҳәм де сәйкесленген дидактикалық тәмийинлеўди раўажландырыў;

улыўма орта билимлендириўди жетилистириў бойынша таярланған илимий-методикалық исленбелер ҳәм докторлық диссертацияларының әмелиятқа енгизилгенлиги ҳаққында жуўмақлар бериў;

халық билимлендириў тараўында, сондай-ақ оның келешек режелеринде халықаралық ҳәм шет ел шөлкемлери менен бирге ислесиўди жолға қойыў, билимлендириў тараўын раўажландырыўда шет елден инвестициялар, грантларды алып кириўде қатнасыў;

Орай ўәкиллигине киретуғын мәселелер бойынша материаллар таярлаў ҳәм де халық билимлендириў тараўын раўажландырыўға бағышланған халықаралық, регионаллық ушырасыўлар, әнжуманлар ҳәм семинарларда қатнасыў;

**3-бап. Орайдың ҳуқықлары ҳәм мәжбүриятлары**

11. Орай төмендеги ҳуқықларға ийе:

Район (қала)лық халық билимлендириў бөлимлери ҳәм билимлендириў мәкемелерине методикалық көрсетпелер жибериў;

Орай жумысына тийисли мәселелер бойынша усынысларды белгиленген тәртипте көрип шығыў ушын Министрлик Коллегиясына киритиў;

қосымша оқыў-методикалық өнимлерди жаратыў, баспадан шығарыу, белгиленген тәртипте сатыў;

халықаралық билимлендириў платформаларында бар болған электрон ресурсларды, соның ишинде, улыўма орта билим бериў мәкемелериниң педагог кадрлары ушын оқыў-методикалық ресурслар, мектеп жасындағы балаларға арналған видеосабақлар, билимлендириўге байланыслы ойынлар ҳәм басқа материалларды миллийлестириўге бағдарланған шәртнама тийкарында пуллы ҳәм бийпул хызметлер көрсетиў;

өз ўәкиллигине тийисли мәселелерде оқыў қолланба, методикалық исленбелер, қадағалаў материалларын ислеп шығыў;

мәмлекетлик емес улыўма орта билим бериў мәкемелери тәрепинен усыныс етилген оқыў реже ҳәм бағдарламалары, сабақлықлар ҳәм де оқыў-методикалық ресурсларды әмелиятта қолланыў бойынша илимий жуўмақлар бериў;

жоқары мийнет көрсеткишлерине ерискен Орай хызметкерлерин мәмлекетлик сыйлықлар ҳәм тармақ сыйлықлары менен хошаметлеў ушын Министрликке усыныслар бериў;

Орай нызам ҳүжжетлерине муўапық басқа да ҳуқықларға да ийе болыўы

мүмкин.

12. Орай төмендеги мәжбүриятларға ийе:

Усы Режеде белгиленген ўазыйпаларды орынлаў;

Жумыс процессин орнатылған тәртипте санитариялық-гигиеналық нормаларға ҳәмде қәўипсизлик қәделерине муўапық шөлкемлестириў;

Орайдың материаллық-техникалық тәмийинлениўин сақлаў;

Орай нызам ҳүжжетлерине муўапық басқа да мәжбүриятларға ийе болыўы мүмкин.

**4-бап. Орай жумысын шөлкемлестириў**

13. Орай өзиниң жумыс искерлиги барысында тиккелей Министрликке бойсынады ҳәм есабат береди.

14. Орайға Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги тәрепинен нызам ҳүжжетлеринде белгиленген тәртипте лаўазымға таярланатуғын ҳәм лаўазымнан азат етилетуғын директор басшылық етеди.

15. Орай директорының Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги тәрепинен лаўазымға таярланатуғын ҳәм лаўазымнан азат етилетуғын бир орынбасарға ийе болады.

16. Төмендегилер Орай директорының тийкарғы функциональ ўазыйпалары есапланады:

Орай жумысына туўрыдан-туўры басшылық етеди ҳәм Орайға жүкленген ўазыйпалар ҳәм функциялардың орынланыўы бойынша жеке жуўап береди;

Орай хызметкерлери тәрепинен орынланыўы мәжбүрий болған буйрықлар шығарады ҳәм көрсетпелер береди;

өз орынбасары, бөлим баслықлары ҳәм басқа хызметкерлердиң ўәкалатларын белгилеў, олар ортасында мәжбүриятларын бөлистириў;

Орай ўәкалатына кириўши мәселелер бойынша қарарлар қабыл етеди;

Орай жумысының ҳәзирги ҳәм келешек режелериниң дүзилиўин шөлкемлестиреди.

Орай хызметкерлерин хошаметлейди ҳәм де оларды мәмлекетлик сыйлықлар, тармақ сыйлықлары ҳәм ҳүрмет жарлықлар берилиўине усыныс етиледи;

Орай хызметкерлерин зәрүр жағдайда интизамий жуўапкершиликке тартады;

Нызамшылықта белгиленген тәртипте юридикалық ҳәм физикалық шахслар, сондай-ақ, шет еллик пуқаралар ҳәм шөлкемлер менен шәртнама дүзеди;

белгиленген тәртипте Орай мүлки ҳәм қаржыларын сақлайды ҳәм басқарады;

алып барылып атырған илимий-изертлеўлер ҳәм илимий-методикалық жумысларды муўапықластырады;

ишки тәртип қағыйдаларын тастыйықлайды ҳәм оны хызметкерлер тәрепинен орынланыўын қадағалайды;

жәмаат арасында саламат руўхый ҳәм дөретиўшилик орталықты қәлиплестириў илажларын көреди;

орайда хызметкерлердиң санитариялық-гигиеналық, мийнетти қорғаў қағыйдалары, техникалық ҳәм өрт қәўипсизлиги талапларына әмел етилиўин тамийинлейди;

Орай директоры нызам ҳүжжетлерине муўапық басқа мәжбүриятларды да әмелге асырыўы мүмкин.

17. Орайда директор болмаған дәўирде оның мәжбүриятларын бөлистирилген ўазыйпа бойынша оның орынбасары орынлайды.

18. Улыўма орта билимлендириў тараўы ҳәм Орай жумысына байланыслы мәселелерди көрип шығыў ушын Орайда бағдарлар бойынша Илимий-методикалық кеңеслер шөлкемлестириледи.

Илимий-методикалық кеңеслер қурамы ҳәм ис-режеси Орай директорының

буйрығы менен тастыйықланады.

Илмий-методикалық кеңеслер қурамына илимпазлар, әмелиятшы педагог ҳәм методистлер, орай хызметкерлери, сондай-ақ тараў хызметкерлеринин жетекши қәнигелери, жәмәәтлик шөлкемлердиң ўәкиллери кириўи мүмкин.

Илимий-методикалық кеңеслер қарарлары кеңес мәжилис баянламалары арқалы рәсмийлестириледи ҳам әмелге асырылады.

Илимий-методикалық кеңес баслығы ҳәм хаткери кеңес қарарларының орынланыўын барлық ўақытта мониторингин алып барады ҳәм қабыл етилген қарарлардың орынланғаны ҳаққында кеңес ағзаларына есабат береди.

Илимий-методикалық кеңеслердиң ағзалары кеңес мәжилисинде көрип шығылған мәселелер бойынша қабыл етилген қарарлардың дурыс ҳәм анық орынланыўы ушын жуўап береди.

Илимий-методикалық кеңеслердиң жумыс тәртиби Орайдың жыллық ис режесине муўапық шөлкемлестириледи.

Илимий-методикалық кеңеслер ағзалары мийнетине ҳақы төлеў, хошаметлеў Орайдың усыныслары тийкарында ҳуқықый-норматив ҳүжжетлерде орнатылған тәртип тийкарында әмелге асырылыўы мүмкин.

19. Төмендегилер Илимий-методикалық кеңеслердиң ўазыйпалары есапланады:

Улыўма орта билимлендириўдиң мазмуны, оқыў-тәрбия барысы ҳәм оқытыў методикасы ҳәм басқа да усынысларды додалайды;

Илимий-методикалар ҳәм шөлкемлестириў жумыслардың бағдарларын белгилеў, илимий-методикалық жумысларды муўапықластырыў ҳәм талқылаў, руўхый-ағартыўшылық жумысларды жетилистириў;

Орайды раўажландырыўдың жыллық, келешек режелерин ислеп шығыўға усынислар бериў.

**5-бап. Орай жумысларын қаржыландырыў**

20. Орай жумыслары төмендеги дереклер есабынан қаржыландырылады:

Қарақалпақстан Республикасы республика бюджети қаржылары;

Орайдың бюджеттен тысқары қаржылары, сондай-ақ, ўақтынша бос турған бюджеттен тысқары қаржыларды коммерциялық банклер депозитларына жайластырыўдан түскен қаржылар;

шәртнама тийкарында хызметлер көрсетиўден түсетуғын түсимлер;

грантлар, хызмет көрсетиўден түсетуғын дәраматлар ҳәмде нызам ҳүжжетлеринде қадаған етилмеген басқа дереклер;

көшпес мүликти ижараға бериўден түсетуғын қаржылар;

нызам ҳүжжетлери менен қадаған етилмеген басқа дереклер.

21. Орай хызметкерлериниң ис ҳақы төлемлерин әмелге асырыў әмелдеги норматив-ҳуқықый ҳүжжетлерине муўапық әмелге асырылады.

**6-бап. Жуўмақлаўшы қағыйда**

22. Орайды қайта шөлкемлестириў ҳәм таркатыў нызам ҳүжжетлеринде белгиленген тәртипте әмелге асырылады.